



## Elvaj Dragon (Raising Dragons)

*Pa* pa te konnen anyen osijè de **dragon**. *Pa* te okipe bèt, tankou mouton, bèf, kochon ak poul. Li te konn **kiltive** mayi, pwa, **lòj**, ble. Li kiltive preske tout bagay ou ka bezwen nan **fèm** la.

*Ma* pa te konnen osijè de dragon tou. Li te dekore e kenbe kay li byen e bèl. *Ma* te fè travay nan kay. Men mwen menm, mwen te konnen tout bagay osijè de dragon. Mwen te fè **elvaj** dragon.

O premye tan *Pa* panse yon dragon nan yon fèm se te yon **sotiz**. “ Mwen pa twò patikilye osijè de kreyati sa yo.” “ Ou pa menm bezwen pale de bagay sa a ankò.” Lè *Pa* di sa , mwen tou konprann se pou mwen kenbe opinyon m pou tèt mwen.

Mwen sonje premye jou dragon antre nan vi m. Se te yon dimanch, nan aswè tou pre **gwòt** Miller a, mwen jwen yon bagay ki sanble ak yon gwo wòch. Men li te twò won e twò lis, li pa t ase di pou li ta yon wòch. Ak prekosyon mwen woule li nan gwòt la e mwen al avèti papa m . “Kisa ou panse papa?”

“Yon ze, yon gwo ze,” se sa sèlman Papa m di. “Kounye a se pou rete lwen bagay sa a pitit fi m, paske nou ka konnen ki sa bagay sa va devni.” Mwen toujou koute paran m. Fwa sa a, jou apre ou mwen ale nan gwòt la pou m ka wè kisa kab sòti nan ze a



Ze

Yon jou swa , mwen pa kapab dòmi. Mwen leve e m al grenpe e chita bò yon fenèt. Konsa mwen tande yon gwo bwi. Krak! Li te sonnen tankou san **klorat** ou mete ansanm. Krak! Mwen tande l ankò, fwa sa a pi fò pase premye fwa a. Bwi sa a ta p sòti nan gwòt la. Kou li fè jou mwen dirije m kote mwen te tande gwo bwi sa a.

Nan kwen gwòt la, se la ze a **kale**, se te yon ti dragon tou piti. Mwen te gentan renmen li. Mwen se tifi l e li se dragon mwen. Mwen bal non Hank. Hank simen la jwa otou de li. Li se te yon dragon ki fè dife lè l ap respire e li kenbe **sanfwa** li lè li bò kote m.

Hank pat yon dragon kap manje kay moun. Dye mèsi, Hank te prefere manje pwason, krapo, koulèv, vyann bèf, vyann mouton, vyann kochon ak poul. Li te gen bon **apeti**.

*Ma* pa te vle konnen anyen de Hank. Kou ou kòmanse pale de Hank, li bouche zòrèy li e tonbe chante. *Ma* ak *Pa* te montre m pou m pran swen tout kreyati. Yo pa t jann imajine yon jou mwen ta okipe yon dragon preske tout moun panse ki pa eksiste. Hank te fè pati de vi nou.

Hank te yon bèl kreyati. Men li te trè **maladwa** lè zèl li pouse. Lè l aprann kijan pou li itilize yo , nou te konn vole avè m leswa. Mwen se yon moun ki pè fènwa. Hank montre m tout fèm la epi tou kijan yon nyaj, yon zwazo ak yon zetwal te ka wè m tout. Se te yon gwo afè!

*Pa* se premye moun ki te wè gen yon bagay etranj kap pase nan fèm la. Yon maten *Samson*, **milèt** nou an pare pou li al travay. *Pa* mete tout bagay an plas pou li al **laboure** tè a, men tout travay te gen tan fèt, tout **semans** simen. *Pa* rete **bèkèkè**. Hank te ede nan gadinaj la. Li sekle tè a. Li anpeche ti bèt manje rekòt yo. Menm apre tout sa Hank te fè *Ma* pa t vle tande pale de li. Lè sezon chalè a rive, *Ma* te kòmanse ap pèdi tomat li yo, Hank souflé sou yo. Li kenbe tomat yo fre. *Ma* pa t vle admèt li te gen Hank **rekonesans**. *Ma* kòmanse fè bon ti manje pou li tankou *tat koulèv, poudin krapo, pwason ak ensèk an sòs*.

De jou an jou Hank te vin byen gwo. Ane sa a Hank avè m nou plante twòp mayi. *Pa* pa t konn sa pou li fè ak tout mayi sa a. Men Kank vin gen yon bon lide. Li sèvi ak dife kap soti nan bouch li a pou l fè pòpkòn ak mayi a! Nou vann tout, epi nou fè yon bon ti kòb, men sa fè moun pale anpil. Yo kòmanse plenyen paske n gen yon dragon nan gadinaj la. M vin wè fò m voye Hank ale.

Dapre enfòmasyon mwen li, gen yon zile pou dragon nan mitan lanmè a, mwen Mennen Hank la. M gen anpil lapenn kon lè a rive pou m tounen lakay mwen. Men mwen sèten map wè li yon jou ankò. Etan m tap prale, Hank ban m yon kado: yon pil ti ze dragon! Lè ti ze sa yo kòmanse kale se pa de travay m ap gen pou m fè. Annatandan menm jan *Pa* te gen fèm nan san li, konsa fè elvaj dragon se pa m.

## Activities

### **Mwen konprann téks la.**

1. Ki kote tifi a te rete? E ak ki moun?
2. Kisa Pa vle di lè li di, “Men pa twò patikilye osijè de kreyati sa yo.”
3. Poukisa tifi a deside kenbe opinyon l pou tèt li?
4. Poukisa Pa ensiste pou tifi a rete lwen de ze a ?
5. Poukisa otè a dekri tifi a tap tann e siveye osijè de ze a jou apre jou?
6. Kisa otè vle di lè tifi a di “ Mwen se tifi li e li se dragon mwen.”
7. Poukisa li enpòtan dragon a manje nan istwa a?
8. Kisa reyaksyon Ma di ou osijè de Hank?
9. Poukisa paran tifi a te enseye l pou li pran swen tout kreyati?
10. Poukisa paran yo pa t janm imagine tifi a ta okipe yon dragon?

### **Mwen konprann tèks la.**

1. Pouki Hank te maladwa nan premye tan yo?
2. Pouki ou panse dragon ak tifi a se leswa yo te konn vole?
3. Kijan tifi a santi li lè lap vole?
4. Poukisa Kank fouye yon twou otou jaden mayi a?
5. Poukisa atitid paran yo chanje vizavi Hank?

### **An nou reflechi sou téks la.**

1. Dekri pèsonalite tifi a ? kisa li renmen? Bay ekzamp ki soti nan istwa pou sipòte repons ou an?
2. Poukisa Hank oblije kite fèm la?
3. Kijan tifi a ak paran li diferan? Itilize detay ou jwenn nan istwa a pou eksplike repons ou an?
4. Hank te ede anpil nan fèm la. Kisa ki te ka rive si Hank te tankou Dogzilla?

## Devlopman Langaj

Fè yon kwa sou tout animal ki rete nan yon fèm.




kochon



kòk



makak



Kana



jiraf



bèf



lyon



tig

Kreye yon orè. Mande elèv yo ki kalite travay yon fèmme fè.

Orè jounalye

6:00 -----  
7:00 -----  
10:00 -----  
11:00 -----  
3:00 -----  
4:00 -----  
7:00 -----

**An nou pale de Goute (“Talk about snack foods”)**

Ki kalite goute “snack food” Hank te fè? Sa sa vle di snak? Ekri sou tablo tout diferan kalite goute elèv yo enimerere. Ankouraje elèv yo site goute ki bon pou lasante.